



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$6.5 MILYON POU AGRANDI SÈVIS SANTE MANTAL POU TIMOUN ATRAVÈ NEW YORK YO

Pwogram 'HealthySteps' la (Mezi ki bon pou Lasante yo) pral Sèvi Prèske 6,000 Timoun ak Fanmi

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse \$6.5 milyon yo akòde biwo medikal pedyatri ak biwo medikal fanmi atravè New York yo. Finansman sa a pral pèmèt 17 sant sante mete pwogram HealthySteps la an aplikasyon, ki pral travay pou entegre devlopman pwofesyonèl timoun yo ak fanmi yo anndan biwo medikal pedyatri ak biwo medikal fanmi yo pou ede yo idantifye, siveye, ak pran swen enkyetid yo gen sou pwoblèm sante ki gen rapò ak devlopman ak konpòtman ki kòmanse parèt nan jèn timoun yo.

“Lè nou asire biwo medikal yo resevwa finansman enpòtan sa a pou sipòte pwogram HealthySteps la, pral gen pi meyè sèvis ak resous disponib pou ede fanmi yo elve timoun yo nan New York,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Yo pral responsabilize etablisman swen sante sa yo pou ede yo pran swen byenèt sosyal, emosyonèl ak fizik timoun atravè eta yo, pandan n ap kontinye konstwi yon New York ki pi an sante, ki pi solid pou tout moun.”

Yo te akòde plis pase \$6.5 milyon bay 17 biwo medikal atravè tout New York, ki gen ladan finansman pou ede sipòte reyalyasyon, evalyasyon, ak dirabilite pwogram lan. Biwo medikal benefisyè yo varye soti nan sant sante kalifye onivo federal ak klinik ki baze nan lopital yo, rive nan sant sante kominotè yo nan zòn riral tankou zòn iben yo. Aprè pwogram lan fin konplètman an aplikasyon, yo estime chak biwo medikal sa yo pral ofri sèvis HealthySteps bay 350 timoun ak fanmi yo, sa k ap angaje apeprè 5,950 fanmi pandan yon peryòd twazan.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York la (New York State Office of Mental Health) te di, “Aksè bonè a sipò sante konpòtmantal sa a founi opòtinite pou pran swen byenèt sosyal ak emosyonèl timoun ki pi jèn nou yo nan yon moman ki pi enpòtan nan devlopman sèvo yo. Pwogram sa a ka founi gid ak sipò, men li ale pi lwen pase sa a pou li vrèman edike paran yo sou kijan pou yo sipòte devlopman timoun yo ak sekirize atachman yo. Li vrèman enkòpore fanmi an nèt nan konvèsasyon sou swen sante yo.”

Biwo medikal benefisyè yo repati konsa a:

Rejyon Kapital

- Sant Swen Pedyatri Lopital Ellis la nan Schenectady (Ellis Hospital Pediatric Care Practice in Schenectady) – \$354,540

New York Santral

- Sant Pedyatri ak Adolesan Rejyon Nò a nan Syracuse (Upstate Pediatrics and Adolescent Center in Syracuse) – \$354,540
- Sant Swen Medikal St. Joseph la nan West Syracuse (St. Joseph’s Primary Care Center West Syracuse) – \$354,540

Finger Lakes

- Unity Pediatrics, Sante Rejyonel Rochester a nan Rochester (Unity Pediatrics, Rochester Regional Health in Rochester) – \$341,073

Long Island

- Sant Medikal Pedyatri Inivèsite Nassau a nan East Meadow (Nassau University Medical Center Pediatrics in East Meadow) – \$368,706

Mid-Hudson Valley

- HRHCare Peekskill nan Peekskill – \$296,145
- Sant Medikal Fanmi Pòt Ouvèt nan Ossining lan (Open Door Family Medical Centers Ossining in Ossining) – \$354,540

Mohawk Valley

- Lopital Mary Imogene Bassett la nan Cooperstown (Mary Imogene Bassett Hospital in Cooperstown) – \$352,066

Vil New York

- Sant Lopital Bronx-Lebanon, Depatman Pedyatri nan Bronx lan (Bronx-Lebanon Hospital Center, Department of Pediatrics in the Bronx) – \$369,575
- Nouvo Anplasan Sant Fanmi Brookdale la nan Brooklyn (Brookdale Family Center New Lots in Brooklyn) – \$369,618
- Sant Lopital NYC Health & Lopital Coney Island lan, Divizyon Sèvis Pedyatri Swen Ekstèn nan Brooklyn lan (Division of Ambulatory Pediatrics in Brooklyn) – \$369,541
- Sant Sante Fanmi Literyen Inivèsite New York la, Sunset Park pou Sante Fanm ak Pedyatri a nan Brooklyn (NYU Lutheran Family Health Centers, Sunset Park for Women’s Health and Pediatrics in Brooklyn) – \$369,618

- Sant Swen Pedyatri Wyckoff la nan Brooklyn (Wyckoff Pediatric Care Center in Brooklyn) – \$369,618
- Lopital NYC Health & Lopital Gouverneur la nan Vil New York (NYC Health & Hospitals Gouverneur in New York City) – \$369,618
- Swen Medikal Pedyatri Helmsley Tower 5 la nan Vil New York (Helmsley Tower 5 Pediatric Primary Care in New York City) – \$369,618

North Country

- Swen Medikal Pedyatri Plattsburgh la nan Plattsburgh (Plattsburgh Primary Care Pediatrics in Plattsburgh) – \$354,540

Rejyon Lwès New York

- Main Pediatrics, Gwoup Sante Entegral nan Buffalo (Integrity Health Group in Buffalo) – \$354,540

Finansman an pral pèmèt tou pou chak biwo medikal sa yo kreye yon pòs espesyalis HealthySteps epi founi fòmasyon ak asistans teknik nesèsè pou reyalizasyon pwogram lan. Espesyalis la pral travay ak timoun yo depi lè yo fenk fèt rive laj senk an pou idantifye pwoblèm devlopman ak konpòtman yo ka genyen depi byen bonè, prevni pwoblèm sante mantal atravè gid prevansyon, ak pwomouvwa yon mòd de vi an bon sante. Espesyalis la pral edike fanmi yo tou sou devlopman timoun, ede yo reyalize pratik levasyon timoun sen, epi mete timoun yo ak fanmi yo an kontak ak espesyalis konpòtmantal oswa devlopman yo, ak lòt resous ki genyen nan kominote a yo lè yo bezwen.

An kowoperasyon ak pedyat ak founisè swen sante fanmi an yo, pwogram sa a pral fè timoun nan ansanm ak fanmi li pran angajman pandan vizit doktè woutin yo epi founi sèvis depistaj pou tout fanmi an nèt, ki gen ladan depistaj pou depresyon matènèl, reta nan devlopman, twoma pandan timoun nan piti ki konn souvan lakoz pwoblèm emosyonèl oswa pwoblèm medikal kwonik pita nan lavi yo. Vizit amelyore depi bonè nan lavi sa yo pral ofri yon opòtinite pou fanmi yo jwenn sipò nan yon anviwonman aksesib ki pap estigmatize yo.

###